


Bibiliya y' Abana

Ishikirije



Yesu
mubihe
bigoye



Yanditswe na: Edward Hughes

Amashusho ashirwamwo na:
Byron Unger; Lazarus; Alastair Paterson

Itunganywa na: M. Maillot; Sarah S.

Isobanurwa mu Kirundi na:
Manurakoze Pacifique

Yateguwe na: Biblefor Children
www.M1914.org

©2022 Bible for Children, Inc.

Uburenganzira: Murafise uburenganzira bwo kwimura canke
gusohora ku mpapuro iyi nkuru mugihe gusa mutayigurisha.

1

Igihe Yesu yari
amaze kubatizwa,
Imana yavuze iti:
"Uyu ni umwana
nkunda
akampimbara".
Mpwemu yera
amanuka kuri
Yesu ameze
nk'inuma.



2

Haheze igihe gito,
Mpwemu w'Imana ajana
Yesu m'ubugaragwa.
Yesu yari wenyene.



3

Yesu amara imisi mirongo ine
yisonzesheje. Ni ukuvuga ko ataco
yigeze afungura muri iyo misi mirongo
ine yose. Hama arasonza cane.



4

Bibiliya ivuga kandi ko hari hariho
n'ibikoko vyo mw'ishamba.



5

Satani araza ngo agerageze
Yesu. Kera imbere y'aho satani
yari yaragerageje Adamu na Eva
aho bahavuye bareka kwumvira
Imana mw'itongo rya Edeni.
Naha Yesu yagira
ageragezwe.



6

Satani yarashobora
kugipama kugerageza
Yesu umwana
w'Imana.



7

"Niwaba uri umwana w'Imana" ari
satani abivuga "hindura aya mabuye
ahinduke umukate". Yari abizi ko
Yesu ashonje. Yari abizi ko
umwana w'Imana ashobora
guhindura amabuye agahinduka
imikate. Mbega Yesu yari kwemera
kwumvira satani?




8

Oya! Yesu ntiyumviye satani. Ahubwo, yamwishuye asubiramwo ijamba ry'Imana ati: "Umuntu ntatugwa n'umukate gusa".



9

Hanyuma satani ajana Yesu mugisagara kinini c'i yerusalemu, mungoro y'Imana aho abantu batazirira Imana. Mbega aho satani yagomba amukoreshe iki?




10

"Ni waba uri umwana w'Imana, ikororere hasi" Ari satani abwira Yesu. "Ijamba ry'Imana rivuga ngo azokuragiza abamalayika ngo bakuzigame."



11

"Oya!" Yesu yishura satana ati: "Haranditswe kandi ngo... 'Ntukagerageze Uhoraho Imana yawe.'"



12

Satani arongera aragerageza ngo arabe ko yomutsinda. Amusohokana hanze y'igisagara amudugana kw'itaba ry'umusozi muremure cane.




13

Yereka Yesu ubutunzi bw'ubami bwo mw'isi maze satani aramubwira ati: "Niwapfukama ukansenga, ivyo vyose nca ndabiguha."



14

Yesu yishura ateguka satani ati: "Mvako satani" vyangitswe ngo "Uhoraho Imana yawe abe ari yo usenga, kand'abe ariyo usaba yonyene."



15

Satani amara igihe amuretse. Haca haba ikintu ciza cane. Imana ica irungika abamarayika ngo bamukomeze kandi bakorere umwana wayo Yesu atigeze yumvira satani.



16

Yesu mubihe bigoye

Inkuru ivuye mw'Ijambo ry'Imana, Bibiliya

tuyisanga muri

Matayo 4, Luka 4

"Guhishurirwa amajambo yawe kuzana umuco, guha abatungu ubwenge." Zaburi 119:130

17



38

60

18

Iyi nkuru ya bibiliya itubwira kuvyerekeye Imana yacu y'igitangaza yaturemye kandi igashaka ko tuyimenya.

Imana irazi ko twakoze ibibi, arivyo yita icaha. Igihano c'icaha ni urupfu ariko Imana iragukunda cane yarungitse umwana wayo w'ikinege, Yesu, gupfa ku musalaba kugira ahanwe kubw, ivyaha vyawe. Hama Yesu asubira kubaho aca agenda I muhira mw'ijuru. Niwizera Yesu ukamusaba aguharire ivyaha vyawe, azobikora. Azoza abe muri wewe, hama uzobana na we ibihe bidashira.

Niwizera uko ni ukuri, bwira Imana ibi:

Yesu mwiza, ndizera ko uri Imana, kandi wacitse umuntu ugapfa kubera ivyaha vyanje, hama ubu ukaba uri muzima. Rero ingo mu bugingo bwanje hama uharire ivyaha vyanje, kugira ngire ubugingo bushasha, hama umunsi umwe nze mbane na we ubugingo budashira. Mfasha kugira ndakwumvire kandi mbeho ku bwawe nk'Umwana wawe. Amen.

Soma bibiliya hama uvugane n'Imana iminsi yose. Yohana 3:16

19